

# Rezo Asosyasyon Koperativ pou Pwodiksyon e Komèsyalizasyon de Baz Latibonit (RACPABA)



Depatman: Latibonit


RACPABA se yon rezo koperativ agrikilti nan vale Latibonit, yon zonn fètil nan depatman Atibonit la ki rekoni kòm yon gwo pwodiktè diri nan peyi a. Objektif rezo sa a se pou amelyore mwayen sibzistans agrikiltè yo nan bay yon sòt de mikro-kredi avèk èd teknik.



## Kisa lòt kominote ka aprann de RACPABA?

- \* Trètman, transfòmasyon ak vann diri Ayisyen
- \* Jere rezo de koperative agrikiltirèl

Wozo Ayiti: Rasin Chanjman



## Istwa òganizasyon an

Òganizasyon sa a mete sou pye an 2001, apre yon gwoup jenn obsève ke ti kras pwodiksyon plantasyon diri nan Vale Atibonit lan bay sèlman 2 tonn diri sou 1 ekta tè. Se konsa yo decide komanse pwòp eksperyans pa yo pou yo ka we kisa ki sipoze fèt pou ogmante pwodiksyon chan diri yo. Apre 2 zan eksperyans, yo te santi ke yo aprann ase pou yo te ka fòme agrikiltè parey yo.

## Rezime de travay k ap fèt

RACPABA se yon rezo ki gen 7 diferan koperativ agrikiltè nan tout 6 komin ki nan vale Atibonit lan. Yo ofri koperativ ki nan rezo an yon pakèt avantaj: Tankou, yo bay sèvis vilgarizasyon, yo bay fòmasyon, e yo fè swivi pou asire yo ke agrikiltè yo itilize pi bon teknik yo. Yo di yo vle agrikiltè yo chanje fason ansyenn ke yo fè agrikilti (i.e. plante nenpòt koman nan chan yo) pou yo itilize yon modèl fason modènn pou fè agrikilti (i.e. plante pa ranje), pandan ke y ap kontinye kenbe sa ki bon nan agrikilti tradisyonèl la. Yo fè plizyè sit demonstrasyon, kote chak ladan yo prezante strateji ke yo santi k ap ogmante randman diri yo. Pa two lontan de sa, yo fè yon eksperyans ant konpozisyon òganik avèk angre chimik, yo montre manb òganizasyon an ke pa gen diferans randman ant de sa yo.

RACPABA reponn tou ak move kalite semans yo lè li pwodwi pwòp semans pa li. RACPABA bay tou yon bann fòm kredi pou agrikiltè yo ka patisipe nan sit demonstrasyon yo, li bay kredi lajan nan men jis pou li asire li ke agrikiltè yo konfòtab ak risk ke y ap pran an. Pou lòt agrikiltè yo, RACPABA bay yon sòt de pre pou fè fòmasyon, semans ak kontribisyon ki pemèt agrikiltè a peye apre sa avèk semans ou grenn.

RACPABA gen yon kondisyon pwosedi modèn nan chak komin pou agrikiltè nan chak komin sa yo moulen, make (pou debarase yo de parazit avèk roch), epi pake diri yo. Yo vann diri yo nan depo ki nan zonn depatman Latibonit lan, epi de tanzantan nan Potoprens la tou.

### **Kisa lòt kominote ka aprann de inisyativ sa a?**

RACPABA vini yon ekspè nan teknik plante diri ki pèfèksyone rekòt ak pwofi pou agrikiltè.





Yo vinn ekspè nan trètman, transfòmasyon ak vann diri Ayisyen, epi yo aprann koman pou yo prezante epi fè pwomosyon diri yo, on bagay ki ka ede agrikilte nan tout peyi a.

Kòm se yon rezo ki gen plizyè koperativ, RACPABA fè eksperyans nan fason pou jere rezo li ya, epi asire ke yo kontinye bay pi bon kalite. RACPABA gen yon bon konesans nan jere rezo vilgarizasyon agrikòl yo, sit demonstrasyon yo, ak pran desizyon ki baze sou prèv.

RACPABA resevwa èd de *Oxfam Intermón*, *Oxfam International*, ak *Oxfam America*.

**Kontak:**

Agwonom Genel Louis-Jeune. Tel: 3792-0825



Wozo Ayiti: Rasin Chanjman